Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!


# ВЕСТНИК Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 16 (93204) / 16 апрель 2018 с. / итни 29 Ражаб 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru


## Уважаемые работники редакции газеты «Чапар»!

**Значение журналистского труда в современном мире трудно переоценить. Вы предоставляете людям актуальную, востребованную информацию, поднимаете серьезные вопросы, формируете общественное мнение.**

**Благодаря газете «Чапар», жители района имеют возможность получать востребованную информацию. Наши совместные усилия позволят сделать работу муниципальной власти более открытой, эффективной, отвечающей насущным потребностям жителей.**




**Уважаемые друзья!**

Поздравляем вас с 85-летним юбилеем газеты «Чапар». Желаем вам здоровья, счастья, профессионального вдохновения, успешной реализации новых идей и творческих задумок.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

## Баркула!

*Жамг1иял г1уц1абаз, штаталда гъеч1ел мухбирзабаз «Чапар» газеталъул х1алт1ухъабазда баркулеб буго газеталъ 85 сон т1убаялъул юбилей. Гьарулеб буго гъезие щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва къалмил «бег1ерлъигун» каламалъул пасих1лъи.*

## Районалъул администрациялда

10 апрелалда райадминистрациялда т1обит1ана аппаратáлъул иргадулаб данделъи. Районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаев, гьесул заместителал: И.И.Шабазов, З.Н.Эмеев ва И.Б. Салимханов, администрациялъул отделазул начальникалгун жавабиял х1алт1ухъаби, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва росабазул бут1рул г1ахьаллъараб гьеб данделъиялде росарал суалазул аслияллъун рук1ана:

***1. Экономикаялъулгун планированиялъул ва г1уц1иялъул суалазул отделалъ 2017 соналъ гьабураб х1алт1ул х1исабкьей. (Д.З.Сайдулаев)***

***2. Муниципалияб буголъиялъе нухмалъи гьабулеб отделалъ 2017 соналъ гьабураб х1алт1ул х1исабкьей. (М-мансур Э.Эмеев)***

Т1оцебесеб суалалда т1асан к1алъарав Д.З.Сайдулаевас, г1ат1идгьабун, гьениб бицана живго начальниклъун кколеб отделалъ араб лъаг1алида жаниб гьабураб х1алт1ул.

**«Отделалъул х1алт1и кколеб къаг1идаялда нухда иналъул аслиял алаталлъун рук1ана, – раг1а-ракьанде щун, цере ч1арал масъалабазул халгьаби, ц1убараб план гьаби, х1алт1ухъабаз жидеда т1адал ишал рак1бац1ц1ад т1урай ва х1алт1ул г1уц1и»,** - ян абуна гьес.

К1иабилеб суалалда сверухъ гьабураб х1алт1ул бицана М.-м. Э.Эмеевас. **«Араб соналъ дица нухмалъи гьабулеб отделалъ аслияб к1вар буссинабун бук1ана муниципалияб буголъиялъул реестр г1уц1иялде, ракьул участокал ва капиталияб ралел бак1ал пачалихъалъул х1исабалде росиялде»**, - ян абуна гьес.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

***И.Идрисов.***

*Районалъул «Чапар» газеталъ 85 сон т1убаялде*

## Халкъалъул трибуна

**Дир вацг1ал Мансуровас,**
**Чаранганч1ил къуч1ги лъун,**
**Районцоязе бараб,**
**Маданияталъул рукъ.**
**Маг1арул ч1ужуг1адан,**
**Йорч1а макьидасаян,**
**Жиндасан ах1и бараб,**
**«Казбекалъул колхозчи».**
**Нилъер г1олилал ясаз**
**Г1асиял рагъул соназ,**
**Фронталде жал рит1еян,**
**Г1арзал хъвараб газета.**
**Г1алхулал фашистазе**
**Г1ажал къегийин абун,**
**Гьаб къойил гаргадараб,**
**Къадру т1ок1аб газета.**
**Хиросималда холел**
**Г1исинал лъималазе,**
**Дару-дарманги босун,**
**Боржун щвараб газета.**
**Рекъел, вацлъи, гьудуллъи**
**Ц1унизе халкъ ах1араб,**
**Х1арамалда рекъеч1еб,**
**Рак1бац1ц1адаб «Коммунист».**
**Кемерово шагьаралъул**
**Пашманал дол улбулгун,**
**Нижги нужгун ругилан,**
**Маг1у т1ураб газета.**
**Мехги, ц1арги, х1акимги**
**Чанц1улго хисаниги,**
**Х1алцин лъазе биччач1еб,**
**Халкъалъул трибуна!**
**Т1екъаб, мекъаб, рихараб,**
**Рит1ухъазул рахъ кколеб,**
**Рищватал чапулезул,**
**Бадибе х1ац1у тулеб,**
**Таги мун рохалида,**
**Халатаб г1умруги къун.**
**Г1исиназе-г1акълучи,**
**Ригь аразе-кумекчи.**
**Камиллъаги мун къойил,**
**Калам пасих1аб «Чапар»,**
**Рии-хасел лъач1ого,**
**Щивасул рагьт1е щолеб.**
**Щулалъаги мун даим,**
**Дие г1агараб «Чапар».**
**Г1адан корректор вугеб,**
**Нилъ мухбирзаби кколеб**
**Маг1арул мац1ги ц1арги,**
**Ц1унун ниж свакалареб.**
**Сахлъи къеги чармилаб,**
**Къалбал чармилаб «Чапар».**
**Редакциялда ругел**
**Киналго х1алт1ухъаби,**
**Къиматал шапакъатал.**
**Хъван ратаги нужее.**
**Кверги бачун, баркула,**
**Щивасда гьаб юбилей.**
**Рах1манасул рах1матал,**
**Гьарзалъаги нужее.**
**Хирияв районцоял,**
**Къабул гьабе дир барки.**
**«Чапар»-алъул аслиял**
**Героял нужин кколел.**
**Г1агараб газеталъул**
**Нусго сон т1убараб къо,**
**Жакъа г1адин, бихьизе**
**Хъван батаги нужеда.**

*М-бег Абулаев,*
*Россиялъул журналистазул Союзалъул член, Гуни росу*



Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# ЛъагIалил хIасилал гьаруна

Дагьал церегIан къояз **«МТС Казбековская»** МУПалда тIобитIана гьеб гIуцIиялъ 2017 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьеялда ва гьаб соналъ гьаризесел хIалтIабаз хурхараб хурхараб данделъи. ТIагьир Салаевас(г1уц1иялъул директор) гьениб бицана, арал соназде данде ккун, 2017 соналъул хIасилал лъикIаллъун ккеялъул, дандчIварал захIмалъабазул, гIолел-гIоларел рахъазул ва цере чIарал масъалабазул.



Гьес абуна: ***«Нилъер гIуцIиялъ 2874 гектар ракьалъул хIадуризе магIишатазе кумек гьабуна (2016 соналъ хIадурун букIана 2605 гектар). ЦIикIкIана механизаторазе кьолеб мухь ва нилъее щвараб хайир»***,-ан.

Гьединго, данлъелъиялда бицана лизингалъухъ гIарац кьеялъул, ихдалил кампаниялде бугеб хIадурлъиялъул, цIияб техника босиялъул, техникагун хIалтIиялъулъ хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул ва хIалтIуе хIажатал шартIал чIезариялъул.

УСХялъул бетIерав инженер Н. Нуцаловас гьениб абуна: ***«Нужер гIуцIиялъул хIалтIулъ аслияб масъалалъун ккола экономикаялъулал хIасилал лъикIлъизари»***,-ян.

Данделъи ахиралде щвана хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал МУПалъул хIалтIухъабазе райадминистрациялъул ХIурматалъул грамотаби кьеялдалъун.

*Информагентство «Салатавия»*

Инсан ва г1умру

# Юбилеялъул х1асил

***Нилъ рук1уна нилъерго къо-моц1 к1одо гьабулел,***
***К1удияб юбилейин бащдаб век бай борхулел.***
***Гьединаб байрамалъул къоцин Аварагасе,***
***Рак1алда ч1ег1ер бараб бук1араблъи лъач1ого…***

Гьеб бук1ана январь моц1. Ц1орораб гьури, ц1ер къарал нухал. Бакъ т1ерхьунеб г1ужалъ росу раг1алда ч1ун ятарай янгъизай ч1ужуг1аданалъ, квер цебе ккун, нижер машина лъалхъизабуна.

– Нуж щиб росулъе унел?

Ниж гьанирго ругел чаг1и рук1ин лъайдал, гьелда ургъел ккана.

- Балагьараб мехалъ дун къаси нухда хут1илин ккола янги абулаго, гьей ине лъугьана.

- Дур гьанир лъалел чаг1игойищ гьеч1ел? Такси щай ах1улареб?

- Лъалел чаг1и руго, гьение ине рес кколаро. Таксисталги разилъуларо, нухал квеш ругинги абун.

Къокъаб х1асил, дица гьей гьоболлъухъе ячана. Цоги бат1ияб рес гьелъиеги хут1ун бук1инч1о. Гьедин ккана Г1айшатилги дирги лъай-хъвай.

Кинабго рахъ рекъараб хъизаналда г1униги, щивасул г1умру бук1уна бат1и-бат1ияб. Къисматалъ киналго реэдуларо. Ккола г1емерал рак1бакъваял, рак1алдаго рук1инч1ел лъугьа-бахъинал. Байбихьудасанго бигъана Г1айшатие ригьин. Бат1ияб росулъа яс ячинарилан т1ирун ч1арай эбелалда Г1алица лъазабуна, Г1айшат ячинч1они, жив рокъоса нахъе инилан. Гьедин ячарай нусалдехун рек1елц1айи лъугьинч1о якьадалъул.

Г1айшатил бук1ана жиндиего бокьун г1уц1араб рукъ. Гьелъ х1аракат бахъулеб бук1ана якьадалъе жийго йокьизайизе, маг1ишат гьабизе бугеб гъира бихьизабизе. Кинабго данде бачунеб бук1ана васасе г1оло, х1ехьолеб бук1ана Г1алил гьекъолдиги якьадалъул къулкъудиги.

Цо сардил г1ужалъ, жиндирго гьалмагъасул юбилей чурулеб сух1маталда, лъик1го гьекъон вач1арав Г1алица, кьижарав вас ворч1изавуна. Х1инкъарав вас, эбелалъухъе кверални рит1ун, г1одизе лъугьана. Г1алица гьесда кьабуна. Сабру лъуг1арай Г1айшатица абуна:

- Г1али, дида т1ок1аб гьаб гизма х1ехьезе к1оларо. Я ниж т1аса рище, яги г1аракъи…

Жеги ццим гьалаглъарав Г1алица гьелда ц1ар т1амуна ва мун гурейги, жиндир цоги ч1ужу йигин абуна. Гьелде иш ккеларин йик1арай Г1айшат, васги вачун уней йик1аго, Г1алица гьелъухъа вас вахъана, Г1айшатги тункун къват1иеги рехун, нуц1а рахана. Сардилъ кие, лъихъе инеяли лъаларей гьей, якьадалъухъе ана, ккараб бицана.

- Дир вас мун ячинег1ан гьекъолароан…

- Баба, Г1алил цоги ч1ужуйищ йик1арай? Дидаса гьеб балъго кин гьабулеб?

- Диналда рекъон, бихьиназул ункъо йик1ине бегьула ч1ужу…

Гьединаб жаваб щвана Г1айшатие якьадалъул. Доб хасалил къоялъги Г1айшат вас нахъе т1алаб гьавизе судалде кьураб г1арзаялъул х1акъалъулъ яч1ун йигоан.

***К1иго ч1ужуяли лъик1 йик1инаан,***
***Лъудбузеги лъик1аб бук1арабани.***
***Ункъо ячаниги, шарг1ин телаан,***
***Шарг1алда рекъарав рос вугевани.***

Рак1алде ккола Мах1муд-Апандил гьал шиг1риял мухъаз чанги чи кант1изе гьавилин, гьезул рукъоб рекъелги бук1инин.

***Х1.Каримова.***

*«Чапар» газеталъ-85 сон!*

# Нахъа тана гьайбатаб г1умрудул нух



28 соналъ х1алт1ана нилъер районалъул газеталъул ***(«Казбек колхозчи», «Коммунист»*** ва гьанжесеб ***«Чапар»***) бет1ерав редакторлъун Дилим росулъа Х1айбаев Г1абдулмут1алиб Х1айбаевич.

Г1. Х1айбаев гьавуна 1930 соналъ. Гьев, Дилим росдал гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун, ана бухгалтерлъиялъул курсазде, хадусан -т1адег1анаб партшколалде.

Х1алт1ана нухал гьарулезул участокалда, райисполкомалда, комсомолалъул райкомалъул к1иабилев секретарьлъун, культураялъул ва партиялъул райкомалъул отделазе нухмалъулевлъун.

Цадахъ т1уразаруна жамг1иял т1адкъаял: парткомиссиялъул ва Харабазул Советалъул председательлъи.

Хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда. Кинаб х1алт1и т1адкъаниги, Х1айбаевас живго вихьизавуна лъик1аб рахъалдасан.

Рак1бац1ад, жавабчилъиялда гьабураб х1алт1иялъе г1оло, гьев мустах1икълъана –обкомалъул, райкомалъул ва гьев х1алт1арав идарабазул Х1урматалъул грамотабазе ***«Печаталъул отличник»,«Культураялъул мустах1икъав х1алт1ухъан», «Зах1маталъул ветеран»*** абурал ц1аразе.

СССРалъул журналистазул Союзалъул член, профессионалияв журналист, лъик1ав тарбиячи, ях1-намус ц1ик1к1арав г1адатияв маг1арулав Г1абдулмут1алиб Х1айбаевас нахъа тана, г1ун бач1унеб г1елалъе мисаллъун жиб кколеб, гьайбатаб г1умрудул нух.

Г1одове виччаравлъун, рек1елъ ч1ух1и гьеч1евлъун, ч1ах1иязулги г1исиназулги адаб-хатир гьабулевлъун лъалаан росуцояздаги цадахъ х1алт1араздаги, жиндир мунагьал чураяв, Г1абдулмут1алиб Х1айбаев.

**Редколлегия.**

*Рек1ел ах1и*

# Ургъизе ккеларищ?

Араб г1асруялъул 40-аб. – 60-аб. соназ, дур бук1а-бук1унге, пачалихъалъе, налог х1исабалда, кьезе ккола ан – гьан, нах, ханал, т1ехь-ц1око ва гь..ц., гьединго, хъвазарулаан заемалги. Налогал кьезе ккола ан лъимер гьеч1еб хъизаналъгун маг1ишат г1уц1изе заман т1аде щварал г1олилазги. (холостяцкий налог).

Г1адамазул лъай дагьаб бук1аниги, доб заманалда бук1ана кьварараб закон. Гьанже г1адинаб ях1-намус гьеч1олъиги, бикъа – хъамиги ва цогидал квешал г1амалалги, къанаг1ат гурони, дол соназ рук1инч1о.

Кваникъ, рат1ликъ рук1аниги, г1емер гьабулаан ихтилат – кеп ва рек1елгъей.

Бокьараб рет1изе, кваназе щолеб, г1ат1илъаби ц1ик1к1араб гьаб заманалда гьадинаб х1апу-чапур бук1инилан рак1алдецин ккола роан. Кьураб раг1и ккоарел, жидерго чвантил гурони ургъел гьеч1ел х1акимзаби г1емерлъулел руго, законалги гьез, узухъда, ц1унуларо.

Х1укуматалъ ч1езарун рук1ана зах1маталъул ветераназе бигьалъаби. Х1алт1изарурал токихъги т1абиг1ияб газихъги гьез, 50% гурони, г1арцул кьезе кколарин ч1езабун бук1ана, амма нижехъа гьеб т1убанго босула. Гьеб г1арцул 50% т1адбуссинабулаан, амма цо чанго моц1 ана нижее гьеб кьеч1елдаса. Ц1ех-рех гьабидал абула: ***«Г1арац гьабсаг1аталда гьеч1о, бач1арабго кьела»***,-ян. Дида цо жо бич1ч1унаро. Рикъизе миллиардал рук1унел, халкъалъе кьезе гъурщал рук1унарел руго. Цоги, т1уразе к1оларел яги бажарулел законал щай рахъулел? Гьедин гьабиялъ гуребищ холеб бугеб халкъалъул власталдехунисеб божилъи.

Ч1ах1ияб г1елалъ гурищ пачалихъ ц1унараб? Гьединаб гурони бербалагьи гьеч1они, бук1инадай г1олеб г1елалъул бук1инисеб?

Пенсиялде т1аде 200-300 жубани, багьалъула кванил ниг1матал, ток, газ ва цогидабги. Гьелде балагьулев чигойищ вук1унарев? Г1олохъабазе х1алт1иги гьеч1они, рукъзал разе бак1алги кьеч1они, щиб гьез гьабизе кколеб? Гьанжесеб г1умруялда гьоркьор г1емерал суалал раккулел руго.

Заман щвеч1одай гьезда т1ад ургъизе?

*Х. Висаитов, Калининаул росу.*

# Бит1ун бук1ина…

***«Чапар»*** газеталда (№14, 02.04.2018с., 2-аб гьум.) Ш. Яндаевасул ***«Шарт1ал гьеч1ониги,…»*** абураб макъалаялда хъан буго киг1анаб зах1малъиялда нилъер умумуз ракь х1алт1изабулеб бук1арабали. Жакъа, гьез х1алт1изарулел рук1арал ракьазул (оцаз бекьун, белалъ бухъун) къадар рехсараб мехалъ, божизе бач1унаро. Рекьаризе байбихьулаан марталда. Т1орщел бак1арун лъуг1унаан (г1емерисеб х1алт1и кверазги гьабун) ккват1араб хаслихъе. Хасало оцазул чангъазул, тракторазул кумекалдалъун, фермабаздаса хурзабахъе рак баччулаан. Рукъобе ц1ул, хер босизе риидал я заман бук1унароан, я оц – гьоко щолароан. Хурзабахъе ине бегьулареб ах1вал – х1ал лъугьани гурони (ц1ад, г1азу ва гь.ц.), рукъор толароан.

Дол цересел соназ г1азу г1емераб балаан, хаселги квачараб бук1унаан. Гьедин зах1малъиялда х1алт1аниги, г1адамазе щолеб мухь мукъсанаб бук1ана, цо-цо заманалда гьебгицин щолароан. Доб заманалда ц1акъго бак1аб бук1ана ч1ужуг1аданалъ баччулеб юкги. Киниялда лъураб лъимерги мугъзада баччун, унаан гьел колхозалъул х1алт1и гьабизе. Гьениса т1адруссун хадур гьел балагьизе ккол аан рукъалъул маг1ишаталде. Дагьал сардал рорч1ич1о гьез росасул, лъималазул рет1ел – хьиталда рукъаби ралаго. Хисизе рет1ел гьеч1еблъиялъ, къаси чурун, радалалде гьеб бакъвазабизе ккол аан руччабаз. Риидалги хасалоги бихьиназ рет1улаан хьвац1ил хьитал, руччабаз – галошал.

Бихьугеги гьеб бусурманав гуресдаги! Дун гуро Ш. Яндаевасул макъала, к1одо гьабун, хъвалев вугев чи. Яндаев вуго гьеб бихьарав, гьелда гъорлъ г1урав ва гьелъ к1век1арав чи. Гьесул г1умру ана росдал маг1ишаталда х1алт1улаго, гьесул бут1аги буго районалда росдал маг1ишат цебе т1езабиялъулъ.

Умумузул биги г1ет1ги гъорлъ рессарал, гьезул буголъиялдалъун г1уц1арал колхозалги совхозалги риххана, г1уц1ана СПКял, МУПал, ГУПал ва гь.ц. ***«Кулак»***, - ан, «Ресалда вугев векьарухъан», - ан г1иллабиги ратун, дагьал г1адамал инч1о нилъер Сибиралде. Гьезул г1емерисел абадиялъ дораго хут1ана, лъаларо гьезул хобал ругеб бак1цин, т1адруссарал лъугьана сакъаталлъун.

Маг1ишаталин ц1ар бугониги, т1адехун рехсарал г1уц1абазда х1алт1улезул къадар дагьаб буго, гьезие заманалда щоларо мухь, щваниги, гьеб мукъасанаб бук1уна. Гьел маг1ишатал нагагь риххани, гьезул буголъи щвезе бугел г1адамал цо Аллагьасда лъала. Умумуз колхозал, совхозал г1уц1иялъулъ лъурал бут1аби т1адруссинареян абизе ихтияр гьеч1ебдай нилъер?!

Дир пикруялда, т1оцебе гьеб суал лъезе ккола гьел риххизе лъугьаразда цебе.

***Х1. Адимирзаев, Дилим росу.***

Рак1алдещвей

## Дагъистаналъул ритIучIал гIезарулев

***ГЪоркьехун нижеца бахъулеб буго 2017 соналъул январалда къватIибе биччараб «Орлёнок» журналалда бахъараб ва, республикаялъул даражаялда, тIобитIараб «ГIагараб росу» конкурсалда лъабабилеб бакI ккураб, Алмахъ росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Шагьрузат Мусаевалъул сочинение.***



Бекмирза Мусавузович Мусавузов (*жиндир мунагьал чураяв*) нижер гIадамазда лъала жиндир хIурмат гьабулевлъун ва Алмахъ росу цебе тIезабиялъе гIумру кьуравлъун. РитIучIал (тIанкIахарал) гIезариялъулъ рихьизарурал хIасилазухъ, гьев кIодо гьавуна «*ЗахIматалъулъ тIокIлъиялъухъ*» медалалдалъун, «*Коммунистическияб захIматалъул ударник*», цоабилеб классалъул «*Мастер- боцIухъан*» абурал цIаразда лъун ва ХIурматалъул грамотабаздалъун.

***1.Бекмирза Мусавузович, кинаб лъимерлъи дур букIараб?***

-Дун гьавуна 1926 соналъ Алмахъ росдал гIадатаб рекьарухъабазул хъизаналда. Нижер хъизаналда букIана 12 лъимер. 1935 соналъ школалде арав дир,КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб заманалда,лъугIун букIана 5 класс. Бихьиналги рагъде ун, росулъ хутIана херал, ручччаби ва лъимал,цIалиялде регIараб ахIвал-хIалги, узухъда, букIинчIо. Колхозалда хIалтIизе байбихьараб заманалда дир букIана 14 сон. 1943 соналъ дун витIана БавтугIъаялда гIагарда канал бухъулелъувеги.

***2. Лъала, доб захIматаб заманалда дур гIумру лъикIаб рахъалде сверараблъи…***

-Дол соназ росдал магIишат цебе тIезабиялъе хIажатал специалистал рукIинчIо. Гьелъ,дун витIана Хунзахъ букIараб техникумалде. Рагъ букIиналъ, нижее гIуцIун рукIана къокъал курсал ва дие щвана техник-боцIухъанасул махщел. Гьеб хIалтIи дица гьабуна Советияб Армиялде ахIизегIан.

Ункъо соналъ гьениб хъулухъги гьабун, I954 соналъ дун гIагараб росулъе тIадвуссана. Хадусеб соналъ, лъадиги ячун, дун хIалтIана цин ветеринарлъун, хадусан ветеринарияб пунктalъе нухмалъулевлъун. Участковыяв зоотехник хIисабалда, дица хъулухъ гьабизе кколаан мадугьалихъ бугеб ункъо росдае.

***3. Хадусан ккарал хиса-басияз мун тIамуна тIанкIахарал ритIучIал гIезаризе. Бокьилаан дуца гьелъул хIакъалъулъ бицине.***



1974 соналъ Алмахъалда бачIана 300 бетIер гьел ритIучIазул.

Доб заманалда нижер магIишаталъул директорлъун вукIана Шихмирза Абуев (*жиндир мунагьал чураяв*). Гьесда рагIун бугоан Кабардино-Балкариялъул тIабигIат гьел ритIучIазе данде ккун букIиналъул хIакъикъат. Гьесул къотIи ккун буго нилъер ракьалдаги гьел гIезаризе.

Зоотехник вукIиналъ, дун тIамуна пантал (жеги ракьакъачIел ритIучIазул лъълъурдул) хIадурулеб бригадаялъе нухалъулевлъун. Гьеб хIалтIиялде байбихьилелде,росдал гьоркьохъеб школалдаги цIалун,дица заочно лъугIизабун букIана Буйнахъскиялъул зоотехническияб техникум.

РитIучIал гIезариялъул хIалбихьи дир букIинчIо ва, гьеб боси мурадалда, дун Нальчикалде витIана. Рит1учIал хьихьиялъе бихьизабун букIана росдада гIагарда хасаб бакI. Гьеб сверун къан букIана-20-25км. халалъи ва 2 м. борхалъи бугеб сеткаялъ. Рохьал,гIурдаллъаби, лъим букIиналъ, бакIалъул гьава- бакъ рекъеялъ ритIучIал хеккого гьенир ругьунлъана ва гьезул къадар цIикIкIине байбихьана (10-15 соналда жаниб гьезул бетIер 1500-гоялде бахана). Гьел ритIучIал рукIана гIалхул ва гьез аскIове чи гIагарлъизе виччалароан.

РитIучIал хьихьиялъул къагIидаби лъазариялъе кумек гьабеян гьарун, дица хъвана Алтаялъул гIелмиябгун цIех-рехалъул институталде.Гьениса ритIун рачIана тIахьал,инструкцияби ва гь.ц.

***4. Сундуе къваригIунел ритIучIазул лъълъурдул?***

1975 соналъ, хIадурарал лълъурдузул цо бутIаги босун, ниж ана Москваялъул эндокриннияб заводалде кьезе. Гьелъул доба гьабулаан **пантокрин**-цIакъ къиматаб дару.

***5. Бекмирза Мусавузович, дуца цIакъ ракI разиго бицана дурго хIалтIул. Щиблъун гьеб дуе кколеб букIараб?***

-Бищунго лъикIаблъун ккола бокьун гьабулеб хIалтIи. Гьелда рази рукIиналъ гIумруги лъикI гьабула. Кього гIанасеб сон гIумруялъул кьуна дица ритIучIал гIезариялъе. Материалияб рахъ лъикIлъи гуребги, гьелъ дие рес кьуна гIадамазда, тIабигIаталда гьоркьов вукIине. Дида сверухъ букIараб берцинлъиялъул бицинецин хIал гIоларо. Дун чIухIаравги вохаравги вуго, дол захIматал 90-аб. соназде балагьичIого, нижеда магIишат цIунизе бажариялдаса, гьединго, нижер ритIучIазул магIишат Дагъистаналда цогояблъун букIиналдаса.

## Бергьенлъигун тIадюссана

29-30 марталда МахIачхъалаялда тIобитIараб рахьдал мацIалъулгун литератураялъул олимпиадаялда гIахьаллъана Дилим росдал лицеялдаса 11-аб.классалъул цIалдохъан Аминат СагIидова ва гьелъ гьениб бергьенлъи босана . Олимпиадаялъул хIасилал гьариялъул данделъиялда ДГУялъул ректор М.Х.Рабадановас Аминатие



кьуна I-аб. даражаялъул диплом ва ЕГЭялда щварал баллазде тIаде щуго балл жубаялъе ихтияр кьолеб сертификат.

КIиго туралдасан (очнияб ва заочнияб) гIуцIараб гьеб олимпиадаялда цере лъурал суалазе лъикIал жавабал кьеялъулъ буго Аминатил щуго сонилаб захIмат (7-аб.классалдасан байбихьун).

КIвахI гьечIолъиялъ, цебе лъураб масъала бетIералде бахъинабизе, сундухъго балагьичIого, хIаракат бахъиялъ ячана А.СагIидова гьеб бергьенлъиялде. Авар мацIалда хурхун, лицеялда, районалда тIоритIулел киналниги тадбиразулъ гIахьаллъула Аминат. Бергьенлъиялъул борхалъиялде яхине Аминатие квербакъарайлъун ккола лицеялъул магIарул мацIалъулгун литератураялъул мугIалим П.Гъ.МухIамадаминова.

РакIчIола жеги тIадегIанал бергьенлъаби Аминатие мутIигIлъизе рукIиналда.

**П.Б.ГIАЗАЕВА,**
**лицеялъул мугIалим**

## *Волонтеразул данделъи*

***Волонтёр – живго разилъун, щибниги мухь тIалаб гьабичIого, батIи-батIиял ва кIвар цIикIкIарал кампаниябазда тIоритIулел ишазул гIахьалчи.***

4 апрелалда районалъул Централияб библиотекаялда тIобитIана, «***ВолонтёраллъикIлъиялъул чапарзаби***» абураб цIаралда гьоркь, данделъи. Библиотекаялъул методическияб отделалъул хIаракатчилъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана – Лаюза Джамалдинова (***пенсиябазул фондалъул управление***), Мадина Темирбулатова (***ОМВДялъул инспектор***), Джамиля ГIабдулахIитова (***ИМЦ, РУО***), Ленинаул, Алмахъ, Гуни, Хубар, Дилим росабазул школазул цIалдохъаби.



Тадбир тIобитIулезул мурадлъул букIана «***ТIахьазул культураялъул волонтёрал***» абураб акциялъулъе цIалдохъаби цIай, гьел гурхIел-рахIмуялъул нухде ккезариялъе квербакъи.

КIалъазе рахъарал Л. Джамалдиноваль, М. Темирбулатоваль, Д. ГIабдулахIитоваль, М-хI. МухIадхIабибовас цIалдохъаби ахIана Аллагьасул кириги гIадамазул баркалаги щолел ишазулъ гIахьаллъиялде.

***«Жакъа нилъеца тIобитIулеб тадбиралъул ахIиялда гьоркь гуребги бегьула хIажатазе кумек гьабизе. Ригь арал , унтарал ва цогидалги гIадамазде зама-заманалда тIаде ин, гьезие хIажатаб кумек гьаби буго даража цIикIкIараб хIалтIи»,***-ян абураб пикру загьирлъулеб букIана гьезул кIалъаязулъ. Лицеялъул 10-аб. классазул цIалдохъабаз гьениб бихьизабуна «***Г1едег1е лъик1лъи гьабизе***» абураб литературияб композиция, 4-аб. классалъул цIалдохъабаз – «***КIодоэбелалъул пенсия***» абураб махсароялъулаб сценка.

Ленинаул, Алмахъ, Гуни росабазул цIалдохъабаз гьеб тадбиралда бицана кумек хIажатазе гIумру кьурал – Терезал, Гаазал, Лизал ва цогидазулги хIакъалъулъ. Гьезул ва районалъул ригь аразул гIумруялъул бицунел «***Дир сонал - дир бечелъи***» абурал видеороликаз бечедаблъун гьабун бугоан жидерго бицен цIалдохъабаз.

Данделъи бачана Ажабика ГIабдулмуслимоваль.

*Нурият САЛАТГЕРЕЕВА.*

## *Баркула бергьенлъаби*





31 марталда Ленинаул росулъ гІолилазда гьоркьор тІоритІарал армрестлингалъул къецазда, 110 кг. цІайиялда, ОМВДялъул лейтенант Билалов Тимур Сахрудиновичасе щвана тІоцебесеб бакІ.

5-6 апрелалда МахІачхъалаялда тІоритІарал дзюдоялъул къецазда, 90кг. цІайиялда, 2-аб. бак1алъе мустахІикълъана ОМВДялъул кІудияв сержант Шебиханов Шамиль АхІмадханович.

***ОМВДялъул хIалтIухъабаз ва тIолабго гьудул-гьалмагълъиялъ Шамилидаги Тимуридаги баркулел руго гьел бергьенлъаби, гьарулеб буго гьезие щулияб сахлъи ва талихIаб гIумру.***

**Салим Алтумирзаев,**
**Ленинаул росу**

## *Спорт – инсанасул сахлъи*

## *ШАШКАБИ*



7 апрелалда районалъул культураялъул Централда тІобитІана шашкаби хІаялъул турнир. Анлъго росулъа 20 шашкаби хІалел гІахьаллъараб гьеб турнир тІобитІана Щвейцариялъул къагІидаялда. Кьойидаса-кьойиде цІубалеб буго нилъер шашкаби хІалезул махщел. Гьел г1ахьаллъула республикаялъул даражаялда тІоритІулел батІи-батІиял къецазда ва гьез гьенир росула призалъулал бакІал.

Анкьго туралдаса хадуб, 5 хІалес гьенир росана цого баллал(56) ва, хІалезул рейтингалдалъун, лъазавуна чемпионлъун вахъарав. Гьел къецазда тІоцебесеб бакІ босана Ильяс Батировас (***Алмахъ***), кІиабилеб щвана Шамиль Шапиевасе (***Дилим***), лъабабилеб- Мурад Дагуевасе (***Ленинаул***). Призалъулал бак1ал ккуразе гьенир кьуна, районалъул администрациялъул рахъалдасан, кубокал, медалал, грамотаби ва гІарцулал шапакъатал.

## *Армиялъулазул кверзул рагъда...*



7-8 апрелалда Москваялъул областалъул Краснознаменск шагьаралда т1оритІана, летчик-космонавт Г.С. Титов ракІалде щвезавиялда хурхун, армиялъулазул кверзул рагъул къецал.

Гьел къецазда гІахьаллъарал (200-ялдасаги цІикІкІун) спортсменазда гьоркьов вукІана Гуни росулъа 3-аб. классалъул цІалдохъан МухІамад Дадаевги. Гьениб МухІамадица бихьизабуна лъикІаб махщел букІин ва гьев вахъана чемпионлъун.

МухІамад ккола НурахІма Меджидовасул ясалъул вас. АбичІого гІоларо, НурахІма вукІин самбоялъул рахъалъ мастерлъиялде кандидат, гьев цо чанго нухалъ вахъана Воронеж шагьаралъул ва гьебго областалъул чемпионлъун.

РакІ-ракІалъ баркула гьит1инав МухІамадида бергьенлъи, гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талихІ ва спорталъулъ жеги чІах1иял бергьенлъаби.

***И.БУЛАТХАНОВ.***

*Памяти коллеги*

## Тотукуш Камиловна Гитиновасова



8 апреля на 55 году скоропостижно ушла из жизни музыкальный руководитель и профком МКДОУ №1 ***«Ромашка»*** п.Дубки Тотукуш Камиловна Гитиновасова.

Т.К. Гитиновасова родилась в 1963 году в с. Манас Ленинского района. Вся жизнь Тотукуш - яркий пример служения народу, избранному делу, верности своим идеалам и убеждениям.

Работая более 20 лет в нашем коллективе, Т. Камиловна показала себя талантливым, целеустремлённым, творческим работником, надёжным другом и замечательным человеком. Тотукуш умела находить общий язык как с детьми, так и со взрослыми.

Т.К. Гитиновасова навсегда останется в памяти всех тех,кто её знал.

Любим. Помним. Скорбим…

***Коллектив МКДОУ №1 «Ромашка» п.Дубки.***

*К1удияб Бергьенлъиялъе -73 сон!*

## ЩИВГО К1ОЧОН ГЬЕЧ1О

Гьаб суратални ругезул бакьулъ вугев ккола Ват1анияб рагъул г1ахьалчи Хубаралдаса Эмеев Мансур.

Гьев гьавула 1918 соналъ, 1939 соналъул декабралда ах1ана Баг1араб Армиялде.

Мансур г1ахьалъула финазулгун бук1араб рагъулъ (1939-1940сс.).

1941 соналъул августалда кагъат бач1уна, Мансур, араб бак1 лъач1ого, т1аг1анилан. (Лъади Эмеева Пат1имат). Гьесул х1акъалъулъ баянал щвана рагъулаб оборонаялъул Централияб архивалдаса. (Ф-58.018004.д. 391). Сураталда ругел цогидазул х1акъикъат лъазе к1веч1о.



1942 соналъул 20 маялда Харковь шагьаралда гІагарда рукІарал рагъулал тунка-хІусиязда немцазухъе асирлъуде ккола ва Румыниялда бук1араб лагералда хола нилъер районалдаса Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1и:

1. ***МухІамадов ХІажи***- 1900 соналъ Дилим росулъ гьавурав.
2. ***Асланханов МухІамад***- 1894 соналъ Дилим росулъ гьавурав. Гьесул лъади-Забият, 1922 соналъ гьаюрай, лъимал-Асланхан, Баба.
3. ***ХІасанов ГІабдула***- 1893 соналъ Ц1обокь росулъ гьавурав. Вас-ХІасан, гІагарав чи - Мажит.
4. ***Къурбанов ХІажи***- 1895 соналъ Дилим росулъ гьавурав. Лъади РайхІанат, вас Къурбан, яс Бажу(Баба). Нахъе хутІула 7 лъимер.
5. ***Аташиев ГІабдулашим***- 1892 соналъ Зураму росулъ гьавурав. Васасде цІар МутІаб. Нахъе хутІула 3 лъимер. Лъадиялъул цІар хъван гьечІо, хъван буго лъади йикІинчІилан.

***«РакІалде щвеялъул тІехь»*** ва ***«ВатІаналъул рагъухъаби»*** тІахьазда гьезул хІакъалъулъ щибго жо хъван гьечІо. Гьал руго немцазул архивалдасан ралагьарал цІарал. Гьазул гІагарлъиялъул чагІи ратани яги гьаз рачІарал -кагътал, суратал ва гь.ц. ратани, нижехъе ритІе.

Адрес: Казбек район, Дилим росу, ***«Чапар» г***азеталъул редакция.

***М-апанди ДАДАЕВ,***
***Дилим росу.***

## Объявление

Утерянный аттестат 05 БВ №0131417 о неполном среднем образовании, выданный в 2013 году Буртунайской средней школой на имя **Эмеева Башира Магомедрасуловича**, считать недействительным.

Районалъул росдал маг1ишаталъул халт1ухъабаз, гьудул-гьалмагъзабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго хъизан-лъималазда ва т1олабго г1агарлъиялда

**Маг1азов Маг1аз,**

тохлъукьего, г1умруялдаса ват1алъиялда бан.

***БетІерав редактор:***
***Мухтар ГІалиевич Чупалаев***
***тел: 55-48-94***
***Жавабияв секретарь:***
***МухІамад-Шарип***
***ГІабдулашимов***
***тел: 55-48-95***

***Мухбирзаби:***
***ХІалимат Каримова,***
***Ибрагьим Идрисов,***
***Сапият СултанмухІамадова***
***Фотомухбир:***
***Насрудин Абужанатов***

***Набор: Меседо ХІайбаева***
***Верстка: Марьям АтавхІажиева,***
***Зайнаб ГІабдулмуслимова.***
***Типографиялъул адрес:***
***Хасавюрт шагьар, ООО***
***"Типография№4. ул. Мусаева 42***

***Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютеральул цехалда.***
***Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.***
***Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.***

***Учредитель: Администрация***
***МР "Казбековский район"***
***Редакциялъул (издательствоялъул)***
***адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,***
***368141, Саид-Афандил къват1,2***
***Индекс: 51354***
***Заказ №52 Тираж 1271***
***Багьа - 8 гъур.***

***Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД***
***19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290***

***Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола***